

Fòmil pou FY25


Nan Novanm 2024, fòmil yo te itilize pou jwenn montan pou finansman C3 pral chanje.

1. Kisa fòmil C3 a ye epi kijan yo ka itilize pou distribriye fon yo?

Fòmilè C3 se yon metòd pou kalkile finansman pwogram pou gade timoun chak mwa. Pwogram yo antre enfòmasyon yo lè yo premye aplike nan LEAD sou laj yo sèvi, anplwaye pwogram yo ak sipò pou fanmi yo ki konbine avèk enfòmasyon EEC genyen sou pwogram nan epi yo itilize pou kalkile yon pèman chak mwa. Chak mwa, pwogram yo soumèt yon demann resètifikasyon pa mwayen LEAD pou resevwa pèman chak mwa yo. Pandan pwosesis aplikasyon an, yo fè pwogram yo konnen enfòmasyon yo itilize nan fòmil la ak rekonpans pou chak mwa yo pral resevwa jan fòmil la kalkile l la.

2. Kisa nouvo fòmil la ye?

FY25 fòmil la gen twa pati prensipal: pwogram Lisans (tabli sou 10 pou tout FCC yo) ajiste pou enskripsyon, tarif debaz la ki baze sou laj yo sèvi (pou pwogram ki nan sant yo) oswa anplwaye (pou FCC yo), ak ajisteman jis la, ki pran an kont fason founisè yo aksepte bon, ofri bous detid prive, oswa opere pwogram ki nan kominote ki gen yon resous limite. Pati sa yo miltipliye ansanm pou jwenn montan final yo bay pou yon pwogram chak mwa (gade grafik ki pi ba a).



3. Kijan tarif debaz yo kalkile pou pwogram mwen an?

Pou pwogram ki nan Sant, yo jwenn tarif debaz pa gwoup laj pi jèn w ap sèvi epi si pwogram lan fonksyone apentan (25 èdtan oubyen plis pa semèn) oubyen amitan (pi piti pase 25 èdtan pa semèn). Pou FCC yo, kit ou gen yon asistan kit ou pa genyen, yo jwenn tarif debaz la grasa lè asistan an ak si pwogramm ou an ouvé atanplèn oubyen amitan.

4. Ki pousantaj debaz espesifik pou pwogram Swen ki baze nan Sant (CBC) lan?

Pou pwogram apentan yo ak pou timoun ki gen laj pou ale lekòl, si gwoup laj ou ye a pi jèn:

- a. Tibebe (aplentan): 100\$
- b. Timoun piti (aplentan): 80\$
- c. Timoun preskolè (aplentan): 70\$
- d. Timoun ki gen laj pou ale lekòl: 50\$

Pou pwogram amitan yo, si gwoup laj ou ye a pi jèn se:

- a. Tibebe (aplentan): 80\$
- b. Timoun piti (amitan): 60\$
- c. Timoun preskolè (amitan): 50\$

Yo fikse tarif sa yo pou pwogram konplè a, pa sèlman gwoup laj yo idantifye yo (sa vle di si w ap sèvi tibebe epi w ap ouvri apilentan, w ap resevwa \$100 pou chak plas pou chak plas, pa sèlman plas pou tibebe).

5. Ki pousantaj debaz espesifik pou pwogram Family Child Care (FCC) a?

Pou pwogram FCC apilentan yo (pwogram lan ouvri 25 èdtan pa semèn oswa plis) ak:

- i. Yon asistan apilentan (K ap travay 30 èdtan oswa plis yon semèn): \$80
- ii. 3Yon asistan amitan (K ap travay mwens pase 30 èdtan pa semèn): \$60
- iii. Pa gen asistan: \$50

Pou pwogram FCC amitan yo (pwogram ouvri mwens pase 25 èdtan pa semèn) ak:

- iv. Asistan apilentan (30 èdtan asistan oswa plis yon semèn): \$60
- v. Asistan amitan (K ap travay mwens pase 30 èdtan pa semèn): \$40
- vi. Pa gen asistan: \$30

Ki jan yo detèmine kapasite lisans yon pwogram?

Kapasite lisans pwogram ki nan Sant lan pral gen moun ladan l poukont li ak kapasite lisans pwogram nan jan parèt nan LEAD la. Grasa fòmil la, tout sit FCC yo ap jwenn 10 kapasite otorize, kèlkeswa kapasite li ta ye toutbonvre. Pwogram yo pa dwe toujou akeyi 10 timoun nan moman demann lan.

6. Ki jan yo detèmine enskripsyon nan yon pwogram?

Yo kalkile enskripsyon nan yon pwogram pa rapò ak kantite timoun yo fè konnen ki enskri nan chak resètifikasyon C3 yo pandan 12 dènye mwa yo. Aplikasyon an ap kalkile yon enskripsyon an mwayèn pou tout resètifikasyon pwogram sa yo. Pou nouvo kandida yo, se kantite moun yo fè konnen yo genyen yo pandan premye demann lan yo pral itilize.

- a. Pou pwogram ki nan Sant yo, si enskripsyon anyèl mwens pase 75% kapasite otorize a, tarif debaz yo pral miltipliye pa yon kapasite otorize ajiste. Pa egzanp, yon sant ki gen 70% nan kapasite lisansye yo enskri (an mwayèn pandan ane a) ap gen kapasite lisans yo ajiste a 70%, epi yon sant ki gen 50% nan kapasite lisansye yo enskri (an mwayèn pandan ane a) ap gen kapasite lisans yo ajiste pa 50%.
- b. Pou FCC yo, si pwogram nan rapòte yon mwayèn enskripsyon mwens pase 3 timoun pandan 12 dènye mwa yo, pousantaj de baz pwogram nan p ap miltipliye pa yon kapasite ki gen lisans 10. Si mwayèn enskripsyon se 2 oswa plis men mwens pase 3, tarif

debaz la pral miltipliye pa yon kapasite lisansye 7.5. Si mwayèn enskripsyon se 1 oswa plis men mwens pase 2, to debaz la pral miltipliye pa yon kapasite ki gen lisans 5. Si mwayèn enskripsyon mwens pase 1 men pifò pase zewo, yo pral miltipliye pousantaj debaz la pa kapasite lisansye a 2.5.

- c. Pou tout pwogram yo, si mwayèn enskripsyon anyèl la se zewo, prim finansman an pral zewo.

7. Si mwen se yon FCC epi mwen gen sèlman 1 timoun ki enskri nan mwa sa a, èske prim C3 mwen an ap redwi?

Ajisteman enskripsyon an baze sou enskripsyon ou rapòte chak mwa pou 12 dènye mwa yo. Si w gen yon mwa ak yon enskripsyon ki ba, sa ka pa afekte sibvansyon w si w enskri totalman pou lòt 11 mwa yo. Si w rapòte mwens pase 3 timoun ki enskri pou tout 12 mwa yo, yo pral ajiste sibvansyon ou a epi gwosè ajisteman an pral depann de kantite mwayèn nan tout 12 mwa yo.

8. Si mwen se yon pwogram laj pou ale lekòl epi mwen fèmen pandan mwa ete yo, ki jan yo pral kalkile mwayèn enskripsyon mwen an?

Mwayèn enskripsyon anyèl yo pral kalkile dapre enfòmasyon enskripsyon ki enkli nan tout resètifikasyon chak mwa yo soumèt pandan 12 mwa ki sot pase yo. Pou pwogram ki fèmen pandan ete a, pa gen okenn resètifikasyon soumèt pandan mwa sa yo epi mwayèn yo pral baze sou 10 mwa nou genyen enfòmasyon enskripsyon yo.

9. Kijan yo kalkile ajisteman ki jis pou mwen?

Yon ajisteman ki jis baze sou yon seri karakteristik pwogram yo ki detèmine nan ki nivo pèman pwogram ou an kalifye dapre karakteristik sa yo:

- a. *Enskripsyon timoun ki gen asistans finansye pou gadri:* Pwogram ki enskri 25% oswa plis nan kapasite lisans yo ak timoun k ap resevwa asistans finansye pou gadri pou omwen yon mwa yo pral plase nan nivo 1.
Pwogram ki gen omwen 1 plas men mwens pase 25% kapasite ki gen lisans ki enskri ak timoun ki gen asistans finansye pou gadri yo pral mete yo nan nivo 2.
- b. *Kote pwogram lan ye:* Pwogram ki sitiye nan yon zòn resansman idantifye kòm yon zòn opòtinite ki ba anpil dapre Endèks Opòtinite Timoun (gade kat yo [la a](#)) yo pral plase nan nivo 1.
- c. *Lòt asistans finansye:* Pwogram ki itilize lòt opòtinite asistans finansye pou fanmi yo epi ki gen plis pase 25% kapasite ki gen lisans ki enskri ak fanmi ki peye mwens pase 50% frè ekolaj yo, yo pral mete yo nan nivo 2.
- d. Nivo 1 resevwa yon miltiplikatè 3. Nivo 2 resevwa yon miltiplikatè 2.5.
- e. Nivo 3 resevwa yon miltiplikatè 1. Pwogram ki pa satisfè kritè Nivo 1 oswa Nivo 2, yo nan nivo sa a. Pwogram kote rapò ant kòb PDG a touche (oubyen anlwaye ki pi byen peye a) ak kòb profesè ki touche pi piti kòb la ta 30:1 oubyen plis yo nan nivo sa a tou.

10. Ki kalite bous detid ki kalifye pwogram mwen an pou ajisteman ki jis nan nivo 2 a?

Nan fòmilè resètifikasyon C3 chak mwa, pwogram yo pral rapòte nenpòt kalite bous detid (ki pa CCFA) yo bay fanmi ki enskri nan pwogram yo. Mete sou sa, pwogram yo pral kapab rapòte kantite timoun ki sèvi ak bous detid sa yo epi ki peye mwens pase 50 pousan nan ekolaj yo chak,

san yo pa mete moun k ap resevwa CCFA la. Tout fason yon bous ap itilize pou ede yon fanmi peye frè ekolaj redwi yo pral pran an konsiderasyon. Sa yo ta ka gen ladan bous detid finansye dirèkteman pa pwogram nan, oubyen tou bous detid pwogram lan aksepte men se yon lòt gwoup ki bay li, tankou vil, branch fanmi oswa òganizasyon filantwopik. Pwogram ki rapòte 25% oswa plis kapasite ki gen lisans ki ranpli ak timoun nan fanmi ki peye mwens pase 50% ekolaj yo, yo pral mete yo nan ajisteman ki jis nivo 2 a.

11. Ki dokiman mwen bezwen pou sipòte rapò bous mwen an?

Chak pwogram ki rapòte timoun k ap resevwa yon bous ki pa CCFA ki pi plis pase 50% ekolaj la dwe rapòte konbyen yon fanmi peye pou chak timoun epi bay dokiman sou pèman sa yo.

12. Èske pwòp pitit mwen yo oswa timoun nan fanmi mwen konte nan rapò bousdetid la paske yo pa peye ekolaj?

Byenke yo ka konte manm fanmi yo nan enskripsyon an si omwen de timoun ki pa gen okenn lyen enskri tou, ou **pa** ka konte manm fanmi yo kòm timoun k ap resevwa yon bousdetid, kèlkeswa si yo peye ekolaj ou pa.

13. Si mwen gen timoun ki resevwa *toude* asistans finansye pou gadri ak yon bous adisyonèl ki jan mwen ta dwe rapòte yo?

Tanpri **pa** mete okenn timoun k ap resevwa asistans finansye leta pou gadri (sibvansyon pou gadri) nan kantite timoun k ap resevwa lòt bous detid, menm si w itilize lòt lajan pou kouvri frè paran yo.

14. Èske prim finansman mwen an kontinye ap chanje chak mwa si kapasite mwen genyen lisans lan chanje?

Non, prim sibvansyon pa chanje pa mwa ankò. W ap fikse montan finansman w lan selon enfòmasyon yo bay nan premye aplikasyon w lan anba nouvo fòmil la (nan Novanm 2024 pou pifò pwogram yo). Y ap bay montan pèman sa a pou chak mwa ou resètifye, jiska jen 2025.

15. Kijan pwogram mwen an ka kòmanse aksepte asistans finansye pou gadri EEC?

Pwogram ki enterese ak kòmanse pwosesis pou aksepte èd finansye EEC pou gadri pou timoun yo ta dwe kontakte Ajans Resous ak Referans Swen Timoun lokal yo (CCR&R). Ou ka jwenn lokal CCR&R la anliy: [Child Care Resource & Referral Search](#)

16. Kisa yo konsidere kòm yon kominote COI ki ba anpil pou chanjman sa yo, epi ki kote mwen ka konnen si pwogram mwen an konsidere kòm yon kominote COI ki ba anpil?

Yon "kominote COI ki ba anpil" fè referans ak zòn ki gen yon Endèks Opòtinite Timoun (COI) ki ba anpil, espesyalman moun ki gen yon nivo COI 20 oswa pi ba. Yo kalikile nòt COI dapre done resansman yo. Ou ka chèche konnen si pwogram ou an nan yon kominote COI ki ba anpil lè w al gade nan kat yo [ki isi](#) a, ki itilize done COI 3.0 ki reglemante eta a.

17. Pwogram mwen an se yon pwogram Head Start, kisa sa vle di pou mwen?

Yo pral mete tout pwogram Head Start nan nivo 1 epi yo pral resevwa yon ajisteman ki jis k ap multipliyè tarif debaz la pa 3.

18. Si pwogram mwen an pa t patisipe nan C3 anvan men li vle kòmanse resevwa finansman, kisa mwen ta dwe fè?

Yo pral fè tout nouvo pwogram ki fèt apwouve yo konnen lè yo kalifye pou aplike nan C3. EEC planifye pou ouvri aplikasyon C3 pou nouvo pwogram chak trimès, byenke ajans lan rezève dwa pou chanje orè sa a si afektasyon Eta a mande yon ajisteman. Si pwogram ou a te louvri pou omwen yon trimès epi li pa janm aplike pou finansman C3 anvan, ou ta dwe jwenn yon lyen pou

w fè aplikasyon nan fenèt sibvansyon an sou platfòm LEAD ou a epi w ap kapab kòmanse aplike pou mwa aktyèl la. Si w pa sèten si w kalifye, tanpri kontakte biwo èd C3 la.

- a. Rele nan 1-833-600-2074
- b. Imel eecgrantsupport@mtxb2b.com

Kalifikasyon pou C3

19. **Si yon pwogram fèmèn pou yon ti tan pandan yon peryòd 12 mwa sibvansyon an akòz *sitiyasyon inaktif*, èske pwogram nan ap toujou elijib pou sibvansyon an pandan mwa sa a?**
 - a. Pwogram ki nan *sitiyasyon inaktif* yo pa kapab aplike oswa resètifye sibvansyon C3 yo pandan yo nan estati inaktif. Si yon pwogram nan sitiyasyon inaktif pou yon mwa konplè, yo pa kalifye pou finansman sibvansyon pandan mwa sa a.
 - b. Pwogram ki fèmèn pou yon ti tan pandan peryòd sibvansyon 12 mwa akòz estati inaktif (ki gen ladan estati inaktif annatant yon envestigasyon) pral gen pèman yo jele apati dat pwogram nan te vin inaktif nan LEAD. Founisè yo te fèmèn akòz yon estati inaktif annatant rezilta yon ankèt pa kapab resètifye jiskaske ankèt la fèmèn epi EEC apwouve aksyon korije sa.
20. **Si mwen fèmèn pou yon ti tan pandan peryòd sibvansyon 12 mwa (pa egzanp, vakans, maladi/blesi) èske pwogram nan ap toujou elijib pou sibvansyon pandan mwa sa a?**

Founisè yo p ap penalize pou fèmèn pou yon ti tan ki fèt pandan peryòd sibvansyon an, depi yo louveri epi sèvi timoun yo pou omwen yon pati nan mwa sa a. Si w fèmèn pou yon mwa konplè oswa plis, pa egzanp, si pwogram ou an pa ouvri pandan sezon ete pandan Jiyè ak Out, tanpri pase sou resètifikasyon an pou mwa sa yo epi rekòmanse mande lajan an septanm. Pwogram yo pa kalifye pou finansman nan mwa yo pa ouvri ditou.
21. **Si yon pwogram fèmèn pou tout tan, èske pwogram nan bezwen retounen lajan sibvansyon an?**

Nenpòt pwogram ki fèmèn nèt ale pa kalifye pou resevwa sibvansyon kontinyèl. Yo atann pou pwogram ki fèmèn nèt ale yo avèti EEC alavans dat y ap fèmèn an. Lè sa a, EEC ka ede founisè a detèmine si yo bezwen ranbouse nenpòt lajan. Lajan yo resevwa anvan dat yo fèmèn an ka itilize pou depans ki apwouve yo. Nenpòt lajan yo resevwa apre dat yo fèmèn nèt la, y ap bezwen retounen yo nan EEC.

Depans akseptab

22. **Pou kisa pwogram yo ka itilize fon sibvansyon C3 yo?**

Founisè yo ta dwe depanse finansman an nan youn oswa plis nan kategori sa yo:

 - a. Depans pèsònèl, avantaj sosyal, prim ak lòt mezi soutyen pou anboche epi ak revokasyon

- b. Devlopman pwofesyonèl ak lòt investisman pou sipòte anplwaye yo nan bati kalifikasyon edikatè yo
 - c. Amelyore kalifikasyon ak kapasite pou fanmi yo achte pou redwi frè ekolaj ak/oubyen lè w ofri bous detid oubyen lè w ogmante kantite lè ouvèti yo.
 - d. Lòt investisman pou amelyore kalite pwogram yo, tankou founiti yo, pwogram etid yo, zouti pou depistaj, etc.
 - e. Pèman pou lwaye ak ipotèk, sèvis piblik, antretyen kèk enstalasyon ak amelyorasyon ki piti, oubyen asirans
 - f. Sèvis kontra pou sipòte fanmi ak timoun, tankou sèvis sante mantal, travayè sosyal, sipò pou bezwen espesyal, elatriye.
23. **Ki dokiman ki nesèsè pou sipòte atestasyon sibvansyon mansyèl yon founisè ranpli chak mwa?**
- a. Nan atestasyon sibvansyon, yon founisè ap fè konnen l ap itilize fon li yo sèlman pou bagay ki nan kategori depan otorize yo. Dokiman sipò yo ta dwe demontre acha a nan kesyon an tonbe nan omwen youn nan kategori itilizasyon akseptab yo. Si sa nesèsè, ou ka bezwen mete yon eksplikasyon sou fason atik yo oswa tan anplwaye yo an kesyon yo tonbe nan kategori akseptab yo.
 - b. Egzanp dokimantasyon yo gen ladan yo resi (elektwonik oswa papye), fakti ki peye, dosye pewòl, ak prèv prezans anplwaye yo.
24. **Ki diferans ki genyen ant yon gwo renovasyon ak ti mizajou oswa antretyen bilding?**
- Gwo renovasyon yo pa akseptab. Sa gen ladan l:
- a. Chanjman estriktirèl nan fondasyon an, do kay la, pa deyò kay la, oswa mi sipò prensipal nan yon etablisman;
 - b. Agrandi yon etablisman pou ogmante sipèfisi etaj li; epi
 - c. Chanjman anpil nan yon etablisman tankou chanje nèt fonksyon li ak objektif li, menm si renovasyon sa a pa gen ladan chanjman estriktirèl.
 - d. Mizajou toupiti nan bilding oswa antretyen nan etablisman an ak/oswa tèren ki pa chanje estrikti fondamantal bilding nan oswa ki pa chanje fonksyon oswa objektif etablisman an otorize. Kèk egzanp sou sa li gen ladan l:
 - i. Reparasyon nan sistèm HVAC;
 - ii. Retire nèj swa lòt sèvis ki gen rapò ak move tan;
 - iii. Mizajou nan zòn lakou rekreyasyon yo;
 - iv. Chanje dekorasyon, kapèt, oswa planche; epi
 - v. Ranplase enstalasyon demode bilding ak reparasyon jeneral.
25. **Ki egzijans ak restriksyon sou fason lajan sibvansyon yo ka itilize pou pewòl?**
- a. Salè pou pèsonèl gadri, ogmantasyon salè, bonis, alokasyon, ak benefis yo se tout itilizasyon akseptab pou fon sibvansyon yo.
 - b. Pwogram gadri pou timoun yo pa ka diminye to peman yon anplwaye chak èdtan men yo gen dwa diminye èdtan anplwaye a nan yon semèn. Pwogram gadri pou timoun yo pa gendwa kite okenn anplwaye pandan y ap resevwa lajan sibvansyon C3 yo.
26. **Èske lajan sibvansyon an ka itilize pou peye direktè/founisè a?**
- Lajan sibvansyon C3 yo ka itilize pou salè ak benefis pèsonèl pwogram gadri a, ki gen ladan konpansasyon pou nenpòt anplwaye k ap sipòte yon sant gadri oswa founisè gadri pou fanmi yo ak anplwaye yo.

27. **Èske mwen ka itilize lajan pou peye pou depans pwogram anvan yo?**
Founisè yo ka itilize lajan yo pou peye pou depans pwogram yo nan ane fiskal ki endike nan depans akseptab yo.
28. **Pou ki founiti mwen ka itilize lajan yo?**
Lajan yo ka itilize pou achte founiti ki sipòte operasyon regilye pwogram yo epi ede ankouraje sante ak sekirite anplwaye yo ak patisipan yo.

Kalandriye

29. **Èske gen yon dat limit pou depans finansman sa a?**
Nan moman sa a, pa gen yon dat limit pou depans pou pwogram k ap resevwa finansman C3 yo. Sepandan, fason finansman sibvansyon an fèt chak mwa se asire pwogram yo gen ase lajan kach ki estab pou depans operasyon kontinyèl yo.
30. **Kilè pwogram yo ka kòmanse yon resètifikasyon?**
Yo pral mande pwogram yo (pa imel ak sou LEAD) pou yo kòmanse resètifikasyon premye jou nan mwa yo ap resètifye a. Pwosesis resètifikasyon an ka fèt nenpòt ki lè apre premye mwa a rive nan fen trimès la.
31. **Ki lè pwogram yo ap bezwen resètifye?**
- Dat limit demann finansman yo rive 4 fwa pa ane. Sa vle di tout lajan yo mande nan yon sezon an patikilye dwe soumèt nan dènye dat mwa a nan trimès sa a. Pa egzanp, pou resevwa lajan pou mwa Janvye, Fevriye ak Mas, pwogram yo bezwen resètifye pou mwa sa yo nan dènye jou mwa mas la. Epitou, nan fen yon trimès, founisè ki gen de oswa plis chèk ki poko depoze yo gendwa gen pèman yo mete yo an reta.
 - Tanpri sonje: Pwogram yo dwe soumèt demann resètifikasyon chak mwa. Pwogram ki tann pou yo soumèt resètifikasyon yo pi lwen pase yon sèl trimès p ap kapab soumèt resètifikasyon sa yo.
32. **Èske pwogram yo bezwen depans tout sibvansyon yo chak mwa?**
Moun k ap resevwa sibvansyon C3 yo pa oblije depans lajan nan menm mwa yo resevwa yo.

Pwosesis aplikasyon

33. **Èske fè yon bidjè nesèsè pou enskri?**
Non, li pa obligatwa pou w fè yon bidjè kòm yon pati nan aplikasyon an.
34. **Kisa k ap pase apre yon pwogram finn aplike?**
- Apre yo fin soumèt yon aplikasyon, yo pral voye yon imèl konfimasyon nan adrès imel ki endike nan pwofil kont LEAD pwogram nan.
 - Pandan pwosesis revizyon an, si yo bezwen plis enfòmasyon oswa si yo bezwen revizyon, pwogram nan ap resevwa yon imèl atravè LEAD pou mande yon revizyon byen presi.
 - Yon fwa yo revize yon aplikasyon epi apwouve, yo pral voye yon notifikasyon sou imel konsènan apwobasyon an bay aplikan an. Dat apwobasyon aplikasyon an ap detèmine

dat premye pèman an dapre orè pèman an. Gade kalandriye pou debousman ki lye ak lis sibvansyon yo sou platfòm LEAD la.

d. Yo pral voye notifikasyon imel regilye lè pèman yo pare.

35. Kijan pwogram nan pral resevwa lajan yo?

Founisè a ka endike metòd prefere a sou LEAD. Gen de opsyon pèman:

- a. Depo dirèk oswa transfè lajan elektwonik
- b. Chèk sou papye pa lapòs

36. Si yon òganizasyon gen plis pase yon lokal nan Massachusetts, èske mwen kalifye pou resevwa plis pase yon sibvansyon?

Wi. Chak sit pwogram gadri ki gen lisans elijib pou yon sibvansyon. Sa a gen ladan pwogram ki gen plizyè lokal. Òganizasyon santral yo ka soumèt aplikasyon endividiyèl pou chak lokal endividiyèl yo jere, men yo pa ka soumèt yon sèl aplikasyon ki kouvri tout lokal yo jere yo. Kalifikasyon ak kantite prim yo pral detèmine nan ki nivo lokal la ye dapre karakteristik chak sit.

37. Èske w ap mande yon W-9 kòm yon pati nan aplikasyon an?

- a. Wi. Enfòmasyon W-9 ki nesèsè yo gen ladan l aplikasyon an, kidonk founisè yo pa bezwen telechaje oswa telechaje yon fòm apa. Chèche [videyo sa a pou aprann kijan pou ranpli yon Fòm W-9 la](#).
- b. *Pwogram yo ta dwe kontakte yon kontab oswa yon pwofesyonèl taks pou konprann plis sou sitiyasyon taks patikilye yo ak kijan konsèy sa a aplike nan biznis espesifik yo.*

Siveyans Fiskal

38. Èske nou dwe peye taks pou sibvansyon C3 yo?

- a. IRS pibliye enfòmasyon ki fè konnen "jeneralman sibvansyon gouvènman an bay yo nan revni angwo antrepriz la an amoni ak Kòd Federal enpo, sa ki fè ou dwe peye taks pou li."
- b. *Konsilte yon kontab oswa yon pwofesyonèl taks pou w konprann plis sou sitiyasyon taks patikilye pwogram nan ak kijan konsèy sa a aplike.*

39. Ki jan yon pwogram ta dwe jere/kontab pou gen plizyè kouran finansman nan men EEC ak lòt ajans leta yo?

- a. Pwogram yo ta dwe depanse tout finansman an akò ak egzijans espesifik chak pwogram yo. Lè w ap resevwa plizyè sous finansman nan men EEC ak lòt ajans, li rekòmande pou pwogram gadri:
 - i. Dokimante kantite lajan yo resevwa nan chak sous separeman,
 - ii. Revize kondisyon chak pwogram sibvansyon pou w konprann byen klè itilizasyon akseptab (ak ki pa akseptab) pou chak prim, epi
 - iii. Fon separe pou chak diferan sous finansman sibvansyon yo. Sa a ta ka gen ladan chèk separe fizikman oswa depoze lajan yo nan kont labank diferan.

40. Kijan yon sèl mèt FCC kapab fè kont epi dokimante pèman li te jwenn yo?

Founisè FCC endepandan yo ta dwe kenbe kont ak dosye separe pou biznis ak finans pèsònèl. Pou bay prèv sou pèman antrepriz la te bay anplwaye, dokiman sa ka gen ladan la:

- a. Chèk ki peye nan kont labank biznis la bay sèl mèt/endividi a, epi
- b. Deklarasyon elektwonik ki dokimante lajan yo transfere nan kont labank biznis la nan kont labank pèsònèl la.

- c. Dosye pèman pwòp tèt ou nan fon sibvansyon ki soti nan biznis la ta dwe konsistan avèk dosye pèsònèl pou rezon taks.
41. **Èske yon sèl mèt FCC ka sèvi ak lajan sibvansyon yo pou peye depans ki asosye ak pwogram nan, men ki gen ladan ltou bòdwo nòmal nan kay la?**
Kategori akseptab pou sibvansyon an gen ladan lwaye, oswa peman ipotèk, sèvis piblik, ak asirans. Depans yo reklame pou sibvansyon an dwe koresponn ak depans antrepriz la deklare nan enpo federal yo.
42. **Ki sa ki siveyans fiskal an rapò ak pwogram sibvansyon sa a?**
Siveyans fiskal yo fè referans ak pwosesis EEC pral swiv pou evalye si moun k ap resevwa sibvansyon yo ap itilize ak dokimante itilizasyon fon sibvansyon yo kòrèkteman. Revizyon an ka gen ladan, men se pa sa sèlman, demann pou:
- Dokimantasyon ki pwouve depans ki fèt ak fon sibvansyon, epi
 - Repons pou kesyon enfòmasyon jeneral founisè yo, sistèm kontablite founisè yo/pwosesis yo, ak kontwòl entèn yo an plas.
 - EEC pral avize pwogram yo si yo te chwazi yo pou yo patisipe nan pwosesis siveyans fiskal la. **Founisè yo chwazi pou patisipe epi ki pa reponn kesyon yo pral kenbe tout distribisyon fiti yo.**
43. **Pandan pwosesis revizyon siveyans fiskal la, èske y ap revize lòt sous finansman andeyò Sibvansyon C3 an?**
Sibvansyon C3 a se sèl bagay nan revizyon siveyans fiskal sa yo. Lòt lajan yo pa nan sijè ki abòde lan revizyon sa a.
44. **Èske EEC ap fè yon vizit ki pa pwograme pou fè aktivite siveyans fiskal la? Kijan m ap konnen si mwen oblije patisipe nan pwosesis siveyans fiskal la?**
EEC **p ap** fè yon vizit ki pa pwograme pou fè aktivite siveyans fiskal yo. EEC pral fè pwogram yo konnen alavans si yon revizyon pral fèt nan lokal pwogram nan epi si revizyon an pral fèt sou plas oswa a distans.
45. **Kijan mwen ka pi byen prepare pou yon revizyon siveyans fiskal EEC? E si yo pa chwazi mwen pou yon revizyon siveyans fiskal?**
- Pou prepare pou yon revizyon siveyans fiskal EEC, ou ta dwe konsidere:
 - Dokimante tout depans ki fèt ak fon sibvansyon yo lè l sèvi ak yon [trasè depans](#) ki rekòmande oswa yon zouti ki sanble, ki gen ladan omwen:
 - dat chak depans
 - kantite lajan an (an dola) pou depans lan
 - kategori itilizasyon akseptab depans yo tonbe
 - ki kalite dokiman sipò pou depans lan
 - Kenbe dokiman pou sipòte chak depans (sa vle di resi, chèk) ak konfime prèv peman.
 - Deklarasyon labank oswa kat kredi, chèk anile, oswa resi vandè yo konsidere kòm prèv peman akseptab.
 - Deklarasyon labank ak kat kredi, ak chèk anile dwe montre non founisè a.
 - Dokiman prèv peman yo ta dwe nan lis menm enfòmasyon ak depans ki nan lis la. Pa egzanp, non vandè, dat fakti, acha oswa sèvis, kantite fakti, acha oswa sèvis, ak deskripsyon fakti, acha oswa sèvis la.

- d. Revize materyèl fòmasyon C3 EEC bay
 - i. Responsablite pou kenbe dokiman yo se menm kèlkeswa si yo chwazi w pou revizyon. Si yo pa chwazi w pou yon revizyon, ou ta dwe toujou obsève bon jan pratik dokiman epi prepare jan yo ka chwazi w pou revizyon oswa mande pou dokiman sipò EEC alavni.
 - e. EEC pral voye yon demann pou dokiman sipò pou depans espesifik yo dwe revize. Founisè yo bezwen sèlman soumèt dokiman yo mande yo nan moman revizyon an.
- 46. **Ki konsekans ki genyen si yo chwazi yon pwogram pou siveyans fiskal, epi pwogram nan pa kapab pwodui tout dokiman pou sipòte depans sibvansyon li yo?**

EEC pral travay ak pwogram yo pou detèmine kisa ki dokiman ki akseptab pou sipòte depans sibvansyon yo. Si EEC pa kapab idantifye dokiman ki akseptab pou jistifye depans sibvansyon yo, yo pral mete aksyon korektif ki apwopriye yo.
- 47. **Ki kalite enfòmasyon prive yo pa ta dwe soumèt pandan pwosesis revizyon siveyans fiskal la?**

Enfòmasyon prive tankou enfòmasyon sekirite sosyal, adrès kay anplwaye yo, dosye anprent, nimewo lisans kondwi, enfòmasyon medikal, enfòmasyon kat kredi, nimewo kont labank anplwaye yo, elatriye se egzanp enfòmasyon pèsònèl ki pa ta dwe voye bay EEC oswa moun li deziyen an. pandan revizyon siveyans fiskal la.
- 48. **Ki jan yon pwogram ka konnen total li te resevwa nan fon sibvansyon?**

Revize pèman sibvansyon yo te resevwa lè l sèvi avèk LEAD. Si gen pèman ki pa refleto sou LEAD la oswa pwogram nan gen lòt kesyon, kontakte **C3Help Desk at 1-833-600-2074** oubyen eecgrantsupport@mtxb2b.com.

 - a. Anba a se etap ou pral bezwen pran pou jwenn yon lis kantite lajan ou peye.
 - i. Ale nan [https://eeclead.force.com/EEC Login](https://eeclead.force.com/EEC_Login).
 - ii. Antre non itilizatè LEAD ou a, antre modpas LEAD ou a, epi klike sou Login.
 - iii. Nan paj dakèy la, klike sou ti kare Jesyon sibvansyon an pou ouvri sistèm Jesyon sibvansyon ak tablo ki gen lis bagay yo.
 - iv. Klike sou Konekte sou Pwogram ou vle a pou ale nan paj sibvansyon EEC ARPA Pwogram sa a.
 - v. Si gen plizyè Pwogram ki anrejistre, "Rechèch Founisè" pou jwenn Founisè a byen vit.
 - vi. Kounye a ou sou paj Dashboard la, desann nan Seksyon Resètifikasyon an.
 - vii. Seksyon Resètifikasyon an ap genyen lis tout aplikasyon yo ki gen ladan - Mwa Finansman, Estati Distribisyon Fon, Montan Pwojete, ak Dat Delè.
 - b. Swiv ak anpil atansyon peman yo se yon fason enpòtan ak itil pou ede minimize risk konfòmite yo. Pa egzanp, lè yo resevwa chak pèman:
 - i. Si peman an se yon chèk fizik, kenbe yon kopi resi labank depo/anbransman chèk la.
 - ii. Si peman an fèt atravè depo dirèk, anrejistre kantite lajan an ak dat peman ou resevwa a, ansanm ak kont destinasyon lajan yo resevwa yo.
- 49. **Ki sa ki zouti Trasè Depans lan ye ak ki jan yo ka itilize li?**

Trasè depans lan se yon modèl pou ede swiv acha/pèman ki fèt lè l sèvi avèk finansman sibvansyon an. Li se yon zouti pou ede founisè gadri nan swiv depans ki fèt ak fon sibvansyon C3. Trasè sa a pa ta dwe refleto depans ki fèt ak fon ki pa fon C3 Grant yo.

Jwenn èd

50. Ki moun m ap kontakte pou mande èd?

Pou kesyon oswa pou jwenn asistans, tanpri kontakte EEC C3 Grant Help Desk:

- Rele nan 1-833-600-2074
- Imel eecgrantsupport@mtxb2b.com